



St. Vincent's Health System Inc.

St. Luke's-St. Vincent's HealthCare, Inc, k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's
Southside;

St. Vincent's Medical Center, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's Riverside;
St. Vincent's Medical Center-Clay County, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's
Clay County

Dènye Modifikasyon: 30 jen 2021

Rezime Politik Èd Finansye

St. Vincent's Health System Inc., an patikilye ministè sante ki endike anwo a, pran angajman pou respekte diyite chak moun, pou yo bay yon atansyon patikilye ak moun ki ap fè fas ak obstak pou jwenn sèvis sante yo. St. Vincent's Health System Inc. pran angajman tou pou jere resous swen sante li yo tankou yon sèvis pou tout nan kominote a. Pou vanse ak prensip sa yo, St. Vincent's Health System Inc., bay èd finansye pou sèten moun ki resevwa swen ijans oswa swen ki nesèsè pou rezon medikal nan men St. Vincent's Health System Inc. Rezime sa a bay yon apèsi tou kout sou Politik Èd Finansye St. Vincent's Health System Inc. nan.

Kiyès ki Elijib?

Ou kapab jwenn èd finansye si ou abite nan Kominote a jan sa defini nan (5) konte yo nan Nòdès Florida, tankou: Baker, Clay, Duval, Nassau, St. Johns avek (10) pays nan ki nan Sidès Georgia ki gen ladan li: Appling, Bacon, Brantley, Camden, Charlton, Coffee, Glynn, Pierce, Ware and Wayne. Èd finansye pi souvan detèmine revni total kay ou an parapò ak nivo povrete federal la. Si revni ou a anba oswa egal a 250% nan nivo povrete federal la, ou ka resevwa yon dediksyon 100% pou swen charite nan pati depans ou responsab la. Si revni ou an pi wo pase 250% nan nivo povrete federal la men li pa depase 400% nan nivo povrete federal la, ou ka benefisye rabè sou yon echèl gradyèl. Si ou gen yon dèt medikal pou swen ijans ak swen medikal nesèsè ki depase revni ou, ou ka benefisye yon rabè. Si lajan ou depase 250% revni ou nan nivo povrete federal la ou ka pa kalifye pou èd finansye. Pasyan ki kalifye pou finansye a aplike pou swen ijans ak lòt swen medikal nesèsè. finansye yo pa pral oblije peye plis pou swen yo otorize yo pase depans abityèl yo mande pasyan ki pa gen asirans yo.

Ki Sèvis Ki kouvri yo?

Politik Èd finansye a aplike pou swen ijans ak lòt swen medikal nesèsè. Tèm sa yo defini nan Politik Èd Finansye a. Politik Èd Finansye a pa kouvri tout lòt swen yo.

Kijan Mwen Ka Aplike?

Pou aplike pou èd finansye a, ou dwe ranpli nòmalman yon demann alekri epi bay dokiman sipò, menm jan sa dekri nan Politik Èd Finansye a ak aplikasyon pou Politik Èd Finansye a.

Kijan pou Mwen Jwenn Èd ak yon Demann?

Pou jwen èd ak demann pou politik èd finansye, ou ka kontakte pwogram HOPE, 1 Shircliff Way, Jacksonville, FL 32204 at (904) 308-1956.



Kijan Mwen Ka Jwenn Plis Enfòmasyon?

Kopi fòm demann pou politik Èd Finansye ak politik Èd Finansye a disponib nan adrès sa a <https://healthcare.ascension.org/Financial-Assistance/Florida> ak nan Admisyon Prensipal la nan:

Ascension St. Vincent's
Riverside
1 Shircliff Way
Jacksonville, FL 32216

Ascension St. Vincent's
Southside
4201 Belfort Rd
Jacksonville, FL 32216

Kont Ascension St.
Vincent's Clay
1670 St. Vincent's Way
Middleburg FL, 32068

Ou ka jwenn kopi politik èd finansye a gratis ak demann pou politik èd finansye tou pa imèl rele nan Pwogram nan (904) 308-1956. Plis enfòmasyon sou politik Èd Finansye a disponib tou nan adrès sa a the Riverside Main Admitting, 1 Shircliff Way, Jacksonville FL 32204, or by telephone (904) 308-1956.

Kisa K ap Pase Si Mwen Pa Kalifye?

Si ou pa gen dwa ak èd finansye nan tèm politik èd finansye a, ou ka benefisye lòt kalite èd. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Pwogram HOPE nan (904) 308-1956.

Tradiksyon politik èd finansye a, demann nan ak enstriksyon pou politik èd finansye a, ak rezime sa a nan langaj ki klè yo disponib nan lang sa yo sou sit entènèt nou yo ak sou demann:

Panyòl
Tagalog
Ris
Vyetnamyen
Sèbo kwoasyen
Arab
Fransè
Kreyòl
Chinwa
Pòtigè